

Viris Papilòm Imen (HPV)

Human Papillomavirus (HPV)

(Haitian Creole)

Viris Papilòm Imèn (VPI) se enfeksyon moun pran nan fè bagay (STI) ki pi komen. Nenpòt moun ki aktif seksyèlman gen risk pou yo trape HPV. Pifò moun pa gen sentòm ni yo pa konnen yo enfekte. Yo ka bay lòt moun li san yo pa konnen.

Nan pifò ka, HPV pa danjere e li disparèt pou kont li Avèk kèk tip HPV, ou ka genyen:

- Bouton pis ki rele veri sou ti pati jenital. Sa yo parèt tankou ti boul oswa gwoup ti boul alantou pati jenital yo.
- Kansè bouch nan bouch oswa gòj, vajan, kòl matris, penis oswa nan twou dèyè.
- Yon rezilta pap tès (tès depistaj kòl matris) ki pa nòmal. Sa rive lè yo jwenn VPI nan rezilta tès depistaj ou. Lefèt pou gen HPV nan rezilta ou pa vle di ou gen veri sou pati jenital oswa kansè. Ou ka sèlman bezwen fè tès Pap plis souvan.

Kijan HPV Gaye

HPV fasil pou li gaye atravè kontak seksyèl oswa kontak po-a-po. Sa ka rive lè bouboun, vajan, kòl matris, penis, oswa dèyè (anus) manyen pati jenital, bouch oswa gòj yon moun ki enfekte.

Faktè Risk yo

- Yon sistèm iminitè (defans kò) ki fèb.
- Plis pase 1 patnè seksyèl.
- Pa pran vaksen kont HPV.
- Fè sèks anvan laj 18 an. Ou gen plis chans trape yon kalite HPV ki gen plis risk.

Tès pou HPV

Fè tès woutin pou HPV pa yon pratik estanda paske HPV twò komen. Sepandan, yo ka fè tès la si gen pwoblèm. Gen kèk tès ki ka detekte kansè kòl matris HPV pa lakoz, men pa gen tès pou detekte HPV nan bouch oswa nan gòj.

Tès pou HPV pa rekòmande si ou:


- Ou te yon gason lè w fèt.
- Ou yon tinedjè.
- Ou te yon fi lè ou te fèt epi ou poko gen 30 ana.

Prevansyon

Pa fè sèks (abstinans) se pi bon fason pou evite HPV ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay. Si w ap fè sèks, gen kèk bagay ki ka ede anpeche HPV gaye:

- Limite kantite patnè seksyèl ou genyen. Chèche konnen patnè ou byen (oswa patnè ou yo) ak istwa seksyèl yo.
- **Sèvi ak yon kapòt chak fwa ou fè sèks, pandan tout tan w ap fè sèks.**
- Toujou gen yon kapòt anplis sou ou pou ka itilize si sa w ap itilize a pete.
- Fè tès pou lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay (STI) ak pou VIH. HPV ka ogmante risk ou genyen pou lòt enfeksyon.
- Fè tès depistaj kòl matris regilyèman si ou gen ant 21 ak 65 an.
- Pran vaksen kont HPV. Li ede pwoteje kont kèk tip kansè ki gen rapò ak HPV ak kèk maladi ki gen rapò ak HPV, tankou veri sou pati jenital ak anus, ak boul ki sanble ak veri sou kòd vokal yo.
 - Timoun ki gen ant 9 a 14 an resevwa 2 piki an total. Dezyèm dòz la bay sis mwa apre premye dòz la. Vaksen an mache pi byen lè yo bay li anvan pitit ou kòmanse gen aktivite seksyèl.

- Adolesan ak jèn adilt ki gen ant 15 ak 26 an resevwa 3 piki an total:
 - Yo bay doz 2 an **yon** mwa apre doz 1 an.
 - Yo bay doz 3 an **sis** mwa apre doz 1 an.
- Vaksen kont HPV an san danje e li pa bay okenn efè segondè grav. Efè endezirab ki pa grav e ki komen se doulè kote yo te bay piki a, yon ti lafyèv, ak fatig (Imaj 1).



Imaj 1 Yo bay vaksen an nan pati alè bra a. Zòn sa a ka fè mal apre ou fin pran piki a.